

10 jiyè 2022

**Pou:** Tout moun ki te patisipe, sipòte ak kwè nan CBC

**Objè:**

Selebrasyon 15yèm anivèsè Inisyativ Koridò Byolojik nan Karayib la

Nan okazyon sa a, nou vle pataje lajwa nou epi selebre 15yèm anivèsè Deklarasyon Sendomeng la, ki te etabli Inisyativ Koridò Byolojik nan Karayib la (CBC) kòm enstriman kowoperasyon rejyonal ant Kiba, Repiblik Ayiti ak Repiblik Dominikèn; inisyativ ke Pòtoriko te vin rejwenn on ti tan apre, epi kounye a Jamayik fè menm jjan. Pandan 15 ane travay ansanm ant ministè yo, pwèn fokal yo ak patnè yo, avèk sipò PNID ak Inyon Ewopeyen, nou te fè reyalizasyon enpòtan ke nou selebre.

Rezilta yo te pèmèt yon pi gwo priz konsyans sou valè divèsite biyolojik Karayib la ak amelyorasyon etat li. Presyon dirèk sou divèsite byolojik yo rive redwi epi echanj enfòmasyon ak konesans yo amelyore. Tout bagay sa yo pran an konsiderasyon defi chanjman klimatik yo ak diferan kontèks nasyonal yo, reponn a bezwen devlopman kominote yo epi asire kowòdinasyon, entegrasyon ak kowoperasyon tout aktè ki enplike yo.

Pandan nap gade tan kap vini yo, nou ap devlope Plan Estratejik CBC pou 2030 lan, ki ap pryorize kèk aksyon, kèk objè konsèvasyon ak kèk zòn travay, epi ki pral kontribye nan konsèvasyon an ak jesyon dirab nan resous divèsite biyolojik terès ak maren nan Inisyativ la. Nou kontinye travay pou asire dirabilite finansye Inisyativ la atravè pwojè ak envèstisman nan fon patrimwan pou nou ka asire aplikasyon estrateji ke nou dekri a epi kontribye nan akonplisman Objektif Devlopman Dirab yo ak Kad Divèsite Biyolojik Apre-2020 an nan peyi manm yo. .

Nan Sekretarya Egzekitif CBC a, nou fyè de reyalizasyon ki fèt nan tèt ansanm yo epi nou repete angajman nou pou kontinye sipòte atikilasyon rejyonal yo ak mare yon rezo

konsèvasyon, patnè, peyi, enfòmasyon, divèsite biyolojik ak koneksyon ki kontribye a yon avni dirab nan Karayib la. Nou envitew rejwenn nou pou 15 lane kap vini yo.

Kòdyalman,



**Nicasio Viña Dávila**  
Sekretè Egzekitif CBC

